



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PERYÒD APLIKASYON AN OUVRI KOUNYE POU PWOGRAM BOUSYE EMPIRE STATE 2023 A

*Pwogram nan prepare nouvèl jenerasyon desidè yo pou dirije Eta New York*

*Aplikasyon yo ouvri 1e janvyè 2023 epi yo pral aksepte yo jiska 3 avril 2023*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a peryòd aplikasyon pou klas Bousye Empire State (Empire State Fellows) 2023 a ouvri kounye a. Pwogram prestijye a atire talan eksepsyonèl epi divèsifye nan New York ak toupatou nan peyi a pou sèvi nan pozisyon wo nivo nan administrasyon an. Depi kreyasyon pwogram nan 11 zan de sa, moun ki gradye nan pwogram Bousye Empire State la te antre nan pòs siperyè yo, ki enkli pozisyon Komisè Adjwen, Sekretè Adjwen, ak Chèf Kabinè nan ajans yo nan tout Eta a.

"Pandan 11 zan, kèk nan pi bon Nouyòkè epi ki pi briyan yo pa ka tann pou fè yon diferans nan kominote yo atravè yon karyè nan sèvis piblik te patisipe nan Pwogram Bousye Empire State la." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kounye a, nou pa ka tann pou nou akeyi pwochen klas Bousye divès ak akonpli nan sa ki te yon eksperyans ki pote transfòmasyon nan gouvènman eta a pou anpil moun. Mwen ankouraje nenpòt moun ki reve fè yon chanjman pozitif nan lavi Nouyòkè yo pou yo aplike epi rantre nan ran pwochen lidè nou yo."

Pwogram Bousye Empire State la se yon pwogram fòmasyon pou lidèchip apulentan ki prepare pwochen jenerasyon pwofesyonèl talantye pou karyè kòm desidè nan Eta New York. Klas Bousye Empire State k ap antre a pral sèvi soti septanm 2023 rive septanm 2025 la epi y ap resevwa yon salè pa ane ki se 85,000 dola, plis yon pake avantaj jenere. Nan fen bous la, yon pwosesis revizyon pèfòmans pral idantifye Empire State Fellows ke yo pral bay opòtinite pou yo kontinye sèvi kòm lidè nan gouvènman Eta New York apre yo fin fini pwogram nan.

**Padma Seemangal, Sekretè Adjwen Operasyon Politik la, te deklare,** "Antanke yon ansyen etidyan fyè nan Pwogram Bousye Empire State la, mwen te gen privilèj pou rejwen yon kowòt fonksyonè piblik inovan. Mwen te jwenn konpetans, eksperyans, ak koneksyon ki gen anpil valè atravè Pwogram Bousye a ki te byen ekipe m pou m sèvi eta mwen an. Tan mwen antanke yon Bousye Empire State te ban mwen opòtinite pou

m aplike yon optik entèseksyonèl nan sèvis mwen ak ekite avanse pou tout Nouyòkè parèy mwen yo."

Angajman nan travay gouvènman Eta New York la antre nan kè Pwogram Bous Empire State la. Biwo Gouvènè a pral nonmen chak Bousye Empire State pou travay dirèkteman avèk yon Komisè, yon Komisè Adjwen, oswa yon lòt desidè wo nivo nan yon ajans oswa Otorite Eta New York la oswa nan Chanm Egzekitif la. Devwa travay yo ofri bousye yo yon eksperyans san parèy pou kolabore ak ansyen ofisyèl yo epi patisipe nan pwosesis eleborasyon politik la.

Pandan y ap patisipe nan travay gouvènman eta a, Empire Fellows pral patisipe nan pwogram edikasyon ak devlopman pwofesyonèl ki pral ede yo sèvi kòm lidè gouvènman ki efikas epi ki gen etik. Eleman edikatif Pwogram Bousye Empire State la kòmanse ak yon kou oryantasyon an Septanm 2023. Kou edikatif la pral kontinye sou yon baz chak ken z jou. Pandan se tan, aktivite devlopman pwofesyonèl, ki gen ladan yon pwogram konsèy ak reyinyon regilye ak manm kabinè yo ak lòt lidè gouvènman yo, pral amelyore kolaborasyon Bousye Empire a ak desidè yo.

Aplikasyon yo ouvè dimanch 1e janvye 2023 epi yo pral aksepte yo jiska lendi 3 avril 2023. Vizite [www.ny.gov/new-york-state-fellowship-programs/empire-state-fellows-program](http://www.ny.gov/new-york-state-fellowship-programs/empire-state-fellows-program) pou plis enfòmasyon sou pwogram nan ak enstriksyon sou kijan pou aplike.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418